

REPUBLIQUE DU BURUNDI



MINISTRE DE L'ENVIRONNEMENT,
DE L'AGRICULTURE ET DE L'ELEVAGE
Cabinet du Ministre

Réf. 710/6509/2025

Gitega, le 22/11/2025

RECEPTIONNAIRE (Secrétariat Cabinet)	
Date d'arrivée	22/11/2025
Heure d'arrivée	10h00
Heure de transmission	10h00
Paraphe:	<i>[Signature]</i>

TRANSMIS COPIE POUR INFORMATION A :

V - Son Excellence Monsieur le Président de la République du Burundi, avec les Assurances de ma Plus Haute Considération

V - Son Excellence Monsieur le Premier Ministre de la République du Burundi, avec les Assurances de ma Très Haute Considération

A Monsieur le Secrétaire Général de l'Etat
à
BUJUMBURA

REPUBLIQUE DU BURUNDI Cabinet du 1 ^{er} Ministre	
Dossier	
Reçu le	22/11/2025
Transmis à	BSM
Reçu le N°	2900
Reçu le	22/11/2025
Répondu le sous le N°

OBJET : Transmission du projet de loi analysé et adopté par le Conseil des Ministre

Monsieur le Secrétaire Général de l'Etat,


Référence faite à la correspondance N.Réf : 121/CAB/1172/2025 du Directeur de Cabinet du Premier dont l'objet est en marge, nous avons l'honneur de vous transmettre, en annexe à la présente, pour les étapes suivantes, le projet de loi portant modification de la loi portant organisation du secteur semencier, son Exposé des motifs ainsi que la note stratégique pour assurer l'indépendance semencière au Burundi.

Souignons à toutes fins utiles que ledit projet de loi intègre les recommandations de la Réunion du Conseil des Ministres du 12 novembre 2025.

Veillez agréer, Monsieur le Secrétaire Général de l'Etat, l'expression de ma considération distinguée.

**LE MINISTRE DE L'ENVIRONNEMENT,
DE L'AGRICULTURE ET DE L'ELEVAGE**

Calinie MBARUSHIMANA



**PROJET DE LOI N°.../ DU .../.../2025
PORTANT MODIFICATION DE LA LOI N°
1/08 DU 23 AVRIL 2012 PORTANT
ORGANISATION DU SECTEUR SEMENCIER
VEGETAL**

**INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO.../
RYO KU WA ... / ... /2025 RIHINDURA
IBWIRIZWA INOMERO 1/08 RYO KU WA 23
NDAMUKIZA 2012 RITUNGANYA IGISATA
KIJEJWE IVYEREKEYE IMBUTO Z'IBIMERA**

EXPOSE DES MOTIFS

I. Contexte et justification

La loi semencière du Burundi, en vigueur depuis 2012, a constitué une avancée significative pour la structuration du secteur semencier. Cependant, pour répondre aux défis émergents et aligner notre cadre législatif sur les objectifs de développement durable et de sécurité alimentaire du pays, une modification de cette loi est nécessaire.

INTUMBERO Y'IBWIRIZWA

I. IMVO N'IMVANO

Ibwirizwa ryerekeye imbuto mu Burundi, rihasanze kuva muri 2012, ryatumye haba intambwe ikomeye mu bijanye no kuringaniza igisata kijejwe ivyerekeye imbuto. Ariko, kugira hatorerwe umuti intambamyi zibonekeje no kuroranisha amategeko ku vyerekeye amahangiro yisungwa mw'iterambere rirama n'ayisungwa mu kuronka ibifungurwa ku rugero rukwiye mu gihugu, harakenewe ko iri bwirizwa rihindurwa.

Le présent projet de loi propose une modernisation approfondie pour aborder les défis spécifiques du secteur et promouvoir une agriculture durable et inclusive ; il se fonde sur les objectifs suivants :

Iyi nteguro y'ibwirizwa izanye iterambere rikomeye kugira igisata kijejwe ivyerekeye imbuto gishobore guhangana n'intambamyi zaco no guteza imbere uburimi burama kandi atagisizwe inyuma; rishingiye ku mahangiro akurikira :

1° Alignement avec les objectifs nationaux de développement durable : La nouvelle loi vise à aligner le secteur semencier avec les objectifs nationaux de développement durable, en intégrant une vision stratégique à long terme. Cette approche permettra de mieux répondre aux besoins croissants en matière de qualité et de disponibilité des semences, tout en soutenant la sécurité alimentaire et la croissance économique. En s'ancrant dans les priorités nationales, la législation renforcera la cohérence entre la production de semences et les objectifs de développement du pays ;

1° Kwisunga amahangiro y'iterambere rirama akurikizwa mu gihugu: Iri bwirizwa rishasha rifise intumbero yo kuroranisha igisata kijejwe ivyerekeye imbuto n'amahangiro y'igihugu y'iterambere rirama, mu gushiramwo imbonokazoza irashe yo mu kiringo kirekire. Ivyo bizotuma hatorerwa inyishu nziza ibibazo biguma bigwira vy'ukuronka imbuto nziza kandi zikama ziboneka, mu gushigikira ko haboneka imfungurwa zikwiye n'iterambere mu bijanye n'ubutunzi. Mu kwisunga ibishirwa imbere y'ibindi mu gihugu, iri bwirizwa rizororanisha kuruta igwizwa ry'imbuto hamwe n'intumbero z'iterambere ry'igihugu;

- 2° Renforcement du cadre organique et soutien à l'innovation :** Pour surmonter les obstacles tels que la faible qualité des semences et le manque d'accès aux semences améliorées, le projet de loi introduit des mécanismes renforcés pour soutenir l'industrie semencière. Il inclut des dispositifs de soutien à la recherche et à l'innovation, visant à améliorer la qualité des semences disponibles sur le marché et à encourager le développement de nouvelles variétés adaptées aux besoins locaux ;
- 3° Promotion de la participation du secteur privé :** Reconnaisant le rôle crucial du secteur privé dans la dynamisation du marché semencier, le projet de loi propose des incitations spécifiques pour attirer les investisseurs privés. Cette démarche vise à renforcer l'efficacité et l'innovation dans le secteur semencier, tout en favorisant une collaboration fructueuse entre les acteurs publics et privés ;
- 4° Clarification des rôles et responsabilités des institutions :** Pour garantir une gestion efficace et coordonnée du secteur, le projet de loi clarifie les rôles et responsabilités des différentes institutions impliquées. Cette clarification vise à éviter les chevauchements de compétences et à promouvoir une coopération harmonieuse entre les institutions publiques et parapubliques apportant ainsi plus de transparence et d'efficacité.
- 5° Promotion et conservation des semences améliorées et indigènes :** Le projet de loi met en place des mécanismes
- 2° Gutsimbataza amategeko mu gihugu n'ugushigikira ubuhinga bushasha :** Kugira haveho intambanyi nk'izerekeye imbutu zifise akaranga kadashimishije n'ukutaronka imbutu z'ubwoko bwiza, iyi nteguro y'ibwirizwa ishiraho uburyo bukomeye bwo gushigikira amahinguriro y'imbutu. Rirashiraho uburyo bufasha mu bijanye n'ubushakashatsi no kuvumbura bishasha, mu ntumbero yo guteza imbere akaranga k'imbutu ziri kw'isoko n'ugutera intege uguteza imbere ubwoko bushasha bukenewe mu gihugu;
- 3° Guteza imbere uruhara rw'abikorera utwabo :** Biragaragara ko uruhara rw'abikorera utwabo ari ntangere mu bijanye no guteza imbere isoko y'imbutu, iyi nteguro y'ibwirizwa irashiraho ivyotuma abagwizatunga bikorera utwabo bahurumbira igisata c'imbutu. Iyi ngendo ifise intumbero yo gukomeza gukora neza no kuzana bishasha mu gisata cerekeye imbutu, mu gushira imbere ugukorana neza hagati y'inzego za Reta n'abikorera utwabo;
- 4° Ugutomora uruhara rw'inzego n'ivyo zibazwa:** Kugira igisata gitunganywe neza kandi gikurikiranwe hafi, iyi nteguro y'ibwirizwa iratomora uruhara n'ivyo inzego zitandukanye zibijewe zibazwa. Iyo bitomowe mu ntumbero y'ukwirinda ko inzego zihurira ku gikorwa kimwe no gushira imbere ugukorana neza hagati y'inzego za Reta n'inzego zegamiye Reta gutyo bigatuma haba ugukorera ku mugaragaro kandi ibintu bigakorwa neza;
- 5° Uguteza imbere imbutu zongererejwe akaranga n'imbutu kama hamwe n'ukuzibungabunga:** Iyi nteguro y'ibwirizwa

renforcés pour la diffusion des semences améliorées et introduit des mesures spécifiques pour la conservation des semences indigènes. En réponse aux défis de biodiversité et aux besoins des producteurs locaux, elle favorise l'adoption de semences améliorées tout en soutenant la préservation des variétés traditionnelles qui jouent un rôle crucial dans la résilience agricole ;

ishiraho uburyo bukwiye bw'ugukwiragiza imbuto zongererejwe akaranga no gushiraho ingingo zerekeye gusa ukubungabunga imbuto kama. Mu guhangana n'intambanyi y'ubudasa n'ubugwirirane bw'ibinyabuzima n'aho biba n'ivyo, abagwizambuto bo mu gihugu bakenera, bituma imbuto zongererejwe akaranga zemerwa hatibagiwe ukubungabunga ubwoko bw'imbutu kama zifise uruhara ntangere mu guhangana n'indwara n'ibihe mu burimyi;

6° Amélioration du système de commercialisation et protection contre la contrefaçon : Pour adresser les défis liés à la commercialisation des semences et à la contrefaçon, le projet de loi propose des améliorations substantielles du système de commercialisation. Elle introduit des mécanismes de régulation du marché, de contrôle des prix et des standards de qualité plus stricts. De plus, elle renforce les mesures de protection contre la contrefaçon, en mettant en place des mécanismes de surveillance et de sanctions plus rigoureux ;

6° Uguteza imbere ibijanye n' urudandazwa rw'imbutu no gukinga ko imbuto ziganwa : Mu ntumbero y'uguhangana n'ingorane zerekeye ukudandaza imbuto no gukinga ko ziganwa, iyi nteguro y'ibwirizwa irasubiramwo neza bimwe biboneka ibijanye n'urudandazwa. Irashiraho uburyo bwo gucungera ivyerekeye amasoko, ugusuzuma ibiciro hamwe n'ibitegerezwa kwisungwa bikomeye mu bijanye n'akaranga k'imbutu . Vyongeye irahinyanyura neza ingingo zo gukinga ukwigana imbuto , mu gushiraho uburyo bwo gucungera hamwe n'ibihano bikomeye;

7° Alignement sur les normes internationales et régionales : Le projet de loi aligne les normes nationales sur les standards internationaux et régionaux, facilitant ainsi le commerce des semences et assurant leur conformité aux exigences mondiales. Cet alignement est crucial pour ouvrir de nouveaux marchés et intégrer le Burundi dans les chaînes de valeur internationales

7° Kwisunga amategeko akurikizwa ku rwego mpuzamakungu n'ayo mu karere: Iyi nteguro y'ibwirizwa yisunga amategeko akurikizwa ku rwego mpuzamakungu n'ayo mu karere bigatuma urudandazwa rw'imbutu rworoha kandi rwisunga ibitegerejwe ku rwego mpuzamakungu. Ukwisunga ayo mategeko ni karahara mu ruganda ntabacura kugira haboneke amasoko mashasha no gushira Uburundi mu ruhererekane rwo guhahanahana urudandazwa ku rwego mpuzamakungu.

Bref, la modification de la loi semencière est une réponse stratégique aux défis

igisata kijejwe ivyerekeye imbuto ni inyishu

contemporains du secteur semencier du Burundi. En intégrant des innovations significatives et en renforçant les mécanismes de soutien, cette législation vise à promouvoir une agriculture durable, inclusive et résiliente. Elle soutiendra le développement agricole du pays, en garantissant une production de semences de haute qualité, en améliorant l'accès pour tous les producteurs et en alignant les pratiques nationales avec les standards internationaux.

II. Structure.

Le projet de loi est divisé en 8 chapitres répartis en 59 articles :

Le chapitre premier concerne les dispositions générales (article 1 à 4) ;

Le chapitre II a trait au cadre institutionnel (articles 5 à 10) ;

Le chapitre III est relatif au contrôle de la qualité et à la certification des semences (articles 11 à 18) ;

Le chapitre IV vise le Catalogue national des espèces et variétés et le Comité technique national d'homologation des variétés (articles 19 à 28) ;

Le chapitre V s'intéresse à la production, à l'importation, à l'exportation et à la commercialisation des semences certifiées (articles 29 à 48) ;

Le chapitre VI porte sur le droit d'obtenir d'une variété (articles 49 et 50) ;

irashe ku ntambamyi zahora mu gisata c'imbutu mu Burundi. Mu gushiramwo bikurubikuru bishasha no mu gukomeza uburyo bwo gushikira ico gisata, iri bwirizwa rije guteza imbere uburimy'i burama, atacirengagijwe kandi buhangana n'ibihe. Rizoshigikira iterambere mu bijanyeye n'uburimy'i mu gihugu, mu kugwiza imbutu z'akaranga gakwiye neza ibisabwa, mu kworohereza abarimy'i mu kuzironka no mu kuroranisha ivyahora bikorwa mu gihugu n'amategeko avyerekeye mpuzamakungu.

II. Indinganizo.

Iyi nteguro y'ibwirizwa igizwe n'ibice 8 na vyo birimwo ingingo 59:

Igice ca mbere kirimwo ingingo ngenderwako (ingingo ziva ku 1 gushika ku ya 4);

Igice ca II kivuga ivyerekeye inzego (ingingo ziva ku ya 5 gushika ku ya 10);

Igice ca III kivuga ivyerekeye ugusuzuma akaranga k'imbutu hamwe n'ukuzemeza (ingingo ziva ku ya 11 gushika ku ya 18);

Igice ca IV cerekeye Igitabu c'itorokanirizo ry'iminyango n'ubwoko bw'imbutu vy'igihugu na Komite y'abahanga ijeje kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu (ingingo ziva ku ya 19 gushika ku ya 28);

Igice ca V kiraba ivyerekeye ukugwiza imbutu zemejwe, ukuzinjiza mu gihugu, ukuzishora mu mahanga n'ukuzidandaza (ingingo ziva ku ya 29 gushika ku ya 48);

Igice ca VI cerekeye uburenganzira bw'uwahinguye canke uwubuye ubwoko bw'imbutu (ingingo ziva ku ya 49 gushika ku ya 50);

Le chapitre VII se rapporte aux dispositions pénales (articles 51 à 57) ;

Igice ca VII kirimwo ingingo mpanavyaha (ingingo ziva ku ya 51 gushika ku ya 57);

Enfin, le chapitre VIII qui énonce les dispositions finales (articles 58 et 59).

Mu gusozera, igice caVIII cerekeye ingingo zisozera (ingingo ziva ku ya 58 na 59).

NOTE STRATEGIQUE POUR ASSURER L'INDEPENDANCE SEMENCIERE AU BURUNDI

L'indépendance semencière au Burundi est un défi complexe, mais il existe des stratégies concrètes, basées sur des projets actuels et des bonnes pratiques, que le pays peut adopter pour accroître sa résilience semencière.

Les Stratégies à adopter pour l'indépendance semencière au Burundi sont les suivantes et sont fondées sur les actions à mener. Il s'agit de :

La Stratégie1 : Renforcer la production locale de semences certifiées

Actions :

- a) Encourager la multiplication de semences de qualité certifiées par des entrepreneurs locaux.
- b) Développer des infrastructures pour la production en l'occurrence des champs de démonstration, des unités de séchage, des magasins de stockage pour éviter les pertes.
- c) Utiliser l'irrigation dans des périmètres semenciers pour produire de façon stable même en saison sèche.

1. La Stratégie 2 : Soutenir l'innovation variétale et la recherche participative

Actions :

- a) Encourager la recherche de variétés adaptées au climat burundais, résistantes aux stress environnementaux entre autres les sécheresses, les ravageurs et les maladies.
- b) Mettre en place des approches participatives impliquant les agriculteurs dans le choix des variétés qu'ils veulent multiplier.
- c) Favoriser le transfert de technologie entre les institutions de recherche (ISABU, universités) et les multiplicateurs semenciers privés à travers les partenariats, les formations, les démonstrations.

La Stratégie 3 : Améliorer la régulation et le cadre institutionnel

Actions :

- a) Travailler sur la cohérence réglementaire passant par le partenariat public -privé pour aligner les politiques de semences, certification, enregistrement des variétés et distribution.
- b) Renforcer les capacités des services pour qu'on puisse certifier plus efficacement les semences et garantir la qualité.

- c) Mettre à jour les catalogues variétaux nationaux pour inclure des variétés locales améliorées, tout en protégeant les semences traditionnelles.

La Stratégie 4 : Développer les modèles commerciaux durables pour les semences Actions :

- a) Installer des points de vente/dépôts de semences dans les zones rurales, pour faciliter l'accès aux semences de qualité par les agriculteurs et limiter les ruptures d'approvisionnement.

La Stratégie 5 : Sensibiliser et former les agriculteurs Actions :

- a) Organiser des démonstrations dans les centres de rayonnement pour montrer l'impact des semences certifiées et des bonnes pratiques agricoles.
- b) Former les agriculteurs sur les bonnes pratiques agricole de production semencière (la multiplication, le stockage des semences et gestion de la qualité)

La Stratégie 6 : Assurer la conservation des semences locales/traditionnelles Actions :

- a) Mettre en place des banques de semences locales pour préserver les variétés traditionnelles, qui peuvent être importantes pour la résilience (diversité génétique, adaptation locale).
- b) Encourager la combinaison entre semences améliorées et semences locales en les intégrant dans le système semencier formel.

Pour y arriver, le Gouvernement du Burundi à travers le MINEAGRIE va s'appuyer sur les objectifs suivants :

1. Organiser le secteur semencier et renforcer les capacités techniques de base ;
2. Cartographier les besoins en semences dans tout le pays ;
3. Former les multiplicateurs locaux de semences par province ;
4. Développer et sécuriser la production nationale de semences ;
5. Stabiliser l'offre, améliorer la distribution des semences ;
6. Couvrir les besoins nationaux en semences pour assurer la souveraineté semencière.

En résumé, pour devenir indépendant en matière semencière, le Burundi doit renforcer sa production locale, investir dans la recherche, organiser ses acteurs (multiplicateurs, coopératives), améliorer la distribution, et mettre en place un cadre institutionnel fort. Cela nécessite une approche intégrée (technique, politique, marché) et une vision à long terme.

PROJET DE LOI N°.../ DU .../.../2025
 PORTANT MODIFICATION DE LA LOI N° 1/08
 DU 23 AVRIL 2012 PORTANT
 ORGANISATION DU SECTEUR SEMENCIER
 VEGETAL

INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO.../ RYO
 KU WA ... / ... /2025 RIHINDURA
 IBWIRIZWA INOMERO 1/08 RYO KU WA 23
 NDAMUKIZA 2012 RITUNGANYA IGISATA
 KIJEJWE IVYEREKEYE IMBUTO Z'IBIMERA

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika
 y'Uburundi ;

Vu la loi n°1/142 du 27 août 1976 portant
 ratification de la Convention instituant
 l'organisation mondiale de la propriété
 intellectuelle ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/142 ryo ku wa 27
 Myandagaro 1976 ryemeza Amasezerano
 ashiraho itunganywa kw'isi ry'ivyerekeye itunga
 mvabwenge ;

Vu la loi n° 1/11 du 12 avril 2006 portant
 ratification par la République du Burundi du
 Traité international sur les ressources
 phytogénétiques pour l'alimentation et
 l'agriculture adopté à Rome le 3/11/2000 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/11 ryo ku wa 12
 Ndamukiza 2006 ryerekeye iyemezwa
 ry'Amasezerano mpuzamakungu na Reta
 y'Uburundi ku vyerekeye inkomoko kamere
 y'ibifungurwa hamwe n'uburimi vyemejwe
 kw'igenekerezo rya 3 Munyonyo 2000 i Roma ;

Vu la loi n° 1/42 du 30 décembre 2006 portant
 adhésion du Burundi au Traité portant création
 de la Communauté Est Africaine signé à Arusha
 le 30 novembre 1999 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/42 ryo ku wa 30
 Kigarama 2006 ryerekeye iyinjira ry'Uburundi
 mu Muryango w'ibihugu vya Afirika yo mu
 buseruko ryashizweko umukono kw'igenekerezo
 rya 30 Munyonyo 1999 ;

Vu la loi n° 1/08 du 30 juin 2007 portant
 ratification par la République du Burundi au
 Traité d'adhésion du Burundi à la CEA signé à
 Kampala en Ouganda le 18 juin 2007 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/01 ryo ku wa 30
 Ruheshi 2007 yerekeye iyemezwa na Reta
 y'Uburundi ry'Amasezerano ajanye n'iyinjira
 ry'Uburundi mu Muryango wa CEA yashizweko
 umukono kw'igenekerezo rya 18 Ruheshi 2007 i
 Kampala mu Buganda ;

Vu la loi n° 1/13 du 28 juillet 2009 relative à la
 propriété industrielle au Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 28
 Mukakaro 2009 ryerekeye itunga mvabwenge
 ry'ibihingurwa mu Burundi ;

Vu la loi n° 1/03 du 4 Janvier 2011 portant
 Système national de normalisation, métrologie,
 assurance qualité et essais ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/03 ryo ku wa 4 Nzero
 2011 rishinga ingene Uburundi bushiraho
 amategeko agenga ibidandazwa, hasuzurwa ko
 ibipimo bikwiye ibisabwa n'amategeko,
 hagenzurwa akaranga k'ibidandazwa n'ingene
 hashirwaho ubuhinga bwo kubisuzuma ;

- Revu la loi n° 1/08 du 23 avril 2012 portant organisation du secteur semencier ;
- Vu la loi n° 1/22 du 25 juillet 2014 portant réglementation de l'action récursoire et directe de l'Etat et des communes contre leurs mandataires et leurs préposés ;
- Vu la loi n° 1/01 du 16 décembre 2015 partant Code de commerce ;
- Vu la loi n° 1/23 du 23 novembre 2017 portant protection des végétaux au Burundi ;
- Vu la loi n° 1/27 du 29 décembre 2017 portant révision du Code pénal ;
- Vu la loi n° 1/09 du 11 mai 2018 portant modification du Code de procédure pénale ;
- Vu la loi n° 1/04 du 11 février 2021 portant modification de la loi n°1/08 du 11 mai 2018 portant gestion des pesticides au Burundi ;
- Vu la loi n° 1/27 du 28 décembre 2023 portant modification du Code de procédure civile ;
- Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;
- L'Assemblée nationale et le Sénat ayant adopté ;
- Asubiye kwihweza lbwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 23 Ndamukiza 2012 ritunganya igisata kijejwe ivyerekeye imbuto ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/22 ryo ku wa 25 Mukakaro 2014 rishinga ingene Reta n'amakomine bishingisha urubanza rw'ukwishuza amafaranga yarishwe kubera amakosa yakozwe n'abo Reta yashinze amabanga, abakozi bayo n'ab'amakomine hamwe n'ingene izo nzego zibitwarira ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/01 ryo ku wa 16 Kigarama 2015 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubudandaji ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/23 ryo ku wa 23 Munyonyo 2017 rikingira ibimera mu Burundi ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama 2017 risubiramwo Igitabu c'amategeko mpanavyaha ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 11 Rusama 2018 rihindura Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/04 ryo ku wa 11 Ruhuhuma 2021 rihindura lbwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 11 Rusama 2018 ryerekeye itunganywa ry'imiti y'ibiterwa mu Burundi ;
- Yihweje lbwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 28 Kigarama 2023 rihindura Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatazi, ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa ;
- Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;
- Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

PROMULGUE :

ATANGAJE :

CHAPITRE PREMIER. DES DISPOSITIONS GENERALES

IGICE CA MBERE. INGINGO NGENDERWAKO

Section 1. De l'objet et du champ d'application

Agace ka 1. Intumbero y'iri bwirizwa n'ico ryerekeye

Article 1^{er}

La présente loi a pour objet de structurer le secteur semencier pour répondre aux défis émergents et aligner le cadre légal sur les objectifs de développement durable et de sécurité alimentaire du pays.

Ingingo ya mbere

Iri bwirizwa rifise intumbero yo kuringaniza igisata kijejwe ivyerekeye imbutu mu ntumbero yo gutorera umuti intambamyi zibonekeje no kuroranisha amategeko ku vyerekeye amahangiro yisungwa mw'iterambere rirama n'ayisungwa mu kuronka ibifungurwa ku rugero rukwiye mu gihugu.

Article 2

La présente loi poursuit notamment les objectifs suivants :

Ingingo ya 2

Iri bwirizwa rifise intumbero zikurikira :

- 1° Aligner le cadre légal sur les objectifs à long terme de développement du pays ;
- 2° Renforcer le cadre organique permettant de contribuer au développement de l'industrie semencière nationale en vue de produire des semences agricoles de haute qualité et en quantité suffisante ;
- 3° Promouvoir la participation des opérateurs privés dans la production et la commercialisation des semences de haute qualité ;
- 4° Clarifier les rôles et les responsabilités des différentes institutions publiques et parapubliques du secteur semencier ;
- 5° Promouvoir la production et l'utilisation des semences améliorées au niveau local ;
- 6° Promouvoir l'utilisation et la conservation des semences indigènes ;
- 7° Améliorer le système national de imbere ibijanye n'ingene

1° Kuroranisha amategeko n'intumbero zisungwa mu kiringo kirekire mu bijanye n'iterambere ry'igihugu;

2° Gutsimbataza amategeko afasha guteza imbere amahinguriro y'ibiterwa mu gihugu kugira hagwizwe imbutu z'ubwoko bwiza kandi zikwiye ;

3° Guhimiriza abikorera utwabo kuja mu bagwiza no mu badandaza imbutu z'ubwoko bwiza;

4° Gutomora uruhara rw'amashirahamwe atandukanye ya Reta n'ayegamiye Reta akorera mu gisata kijejwe ivyerekeye imbutu hamwe n'ivyo abazwa;

5° Guteza imbere mu gihugu ibijanye n'ukugwiza imbutu zongererejwe akaranga hamwe n'ukuzikoresha;

6° Guteza imbere ibijanye n'ugukoresha imbutu kama hamwe n'ukuzibungabunga;

7° Guteza imbere ibijanye n'ingene

commercialisation des semences ;

8° Renforcer le système d'homologation variétale et de certification des semences agricoles ;

urudandazwa rw'imbutu rutunganijwe mu gihugu;

8° Gukomeza uburyo bw'ukwemeza ubwoko bw'imbutu zirimwa;

9° Assurer la protection de l'obteneur contre la contrefaçon ;

9° Gukingira uwahinguye canke ubwoko bw'imbutu kugira nti hagire uwubwigana;

10° S'aligner sur les normes des organisations régionales et internationales en matière de production et de commercialisation de semences certifiées dont le Burundi est membre.

10° Kwisunga amategeko akurikizwa n'amashirahamwe yo mu karere n'ayo ku rwego mpuzamakungu Uburundi burimwo mu vyerekeye ukugwiza n'ukudandaza imbuto zemejwe.

Article 3

La présente loi s'applique à la production et à la commercialisation des semences agricoles certifiées.

Ingingo ya 3

Iri bwirizwa rikurikizwa ku bikorwa vy'ukugwiza n'urudandazwa rw'imbuto zemejwe.

Sont exclues du champ d'application, les semences issues des organismes génétiquement modifiés.

Ibitari mu vyo iri bwirizwa ryerekeye ni imbuto zavuye mu bikomoka ku binyabuzima vyahinduwe muri kamere nkomoko kavyo.

Section 2. Des définitions

Agace ka 2. Insiguro y'amajambo

Article 4

Au sens de la présente loi, on entend par :

Ingingo ya 4

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira asigura :

1° **catalogue national des espèces et variétés** : un registre dans lequel sont inscrites les variétés admises à la certification ;

1° **igitabu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbuto vy'igihugu** ni igitabu candikwamwo ubwoko bw'imbuto zemejwe ;

2° **certificat d'analyse des semences** : un document délivré par l'Office de contrôle et de certification de semences, « ONCCS » en sigle , attestant que les cultures identifiées sont conformes aux normes de certification pour la catégorie désignée ;

2° **isereidifika yemeza ko imbuto zasuzumwe** ni urwandiko rutangwa n'ikigo c'igihugu kijejwe ugusuzuma n'ukwemeza imbuto « ONCCS » mu mpfunyapfunyo y'igifaransa rwemeza ko ibiterwa vyatororokanijwe vyisunga ibifatirwako mu kwemeza imbuto ku mugwi kanaka ;

3° **certification semencière** : un ensemble de procédures, de méthodes et de techniques

3° **ukwemeza imbuto** ni ibikurikizwa vyose, uburyo n'ubuhinga bwose bituma imbuto

permettant de garantir la qualité des semences durant le processus de multiplication et d'assurer que l'identité variétale, la pureté variétale, la pureté technologique et l'état sanitaire de la semence soient maintenues et protégées ;

zimera neza mu kiringo c'ukuzigwiza, bigatama kandi ibiziranga, ivyemeza ko zitataye akaranga, ivyemeza ko ubuhinga bwakoreshejwe ata kanenge bufise n'ivyemeza ko ata ngwara zifise bitegerezwa kubungabungwa n'ugukingirwa ;

4° **compagnie semencière** : toute société légalement constituée et spécialisée dans la sélection, la production et la commercialisation de semences agricoles ;

4° **ishirahamwe ngwizambuto** ni ishirahamwe ryose rishingwa hisunzwe amategeko kandi rifise ubuhinga ryisangije mu bijanye n'ukurobanura imbuto ndimwa, ukuzigwiza n'ukuzidandaza ;

5° **droits d'obteneurs** : des droits de propriété intellectuelle octroyés aux personnes qui obtiennent, découvrent et développent de nouvelles variétés de plantes à condition que la variété soit nouvelle, distincte, homogène et stable ;

5° **uburenganzira bw'uwahinguye canke uwubuye ubwoko bw'imbutu** ni uburenganzira bw'itunga mvabwenge buhabwa abantu batoye, bubuye kandi bagwijije ubwoko bushasha bw'ibiterwa, ivyo bikagirwa ari uko ubwo bwoko ari bushasha, butandukanye n'ubundi, butavanze kandi budata akaranga ;

6° **emballage** : tout contenant, sac, boîte, bidon, récipient, caisse, enveloppe, sachet ou tout autre contenant dans lequel les semences sont conservées ;

6° **igitekerwamwo** ni ico cose gishirwamwo ibintu, umufuko, akabweta, ikidumu, icombo, isandugu, ibahasha, isaho canke ikintu cose imbuto zibikwamwo ;

7° **entrepreneur semencier** : une personne physique ou morale agréée et spécialisée dans la production et la vente de semences ;

7° **uwugwiza imbuto akongera akazigurisha** ni umuntu canke ishirahamwe ryemerewe gukora rifise ubuhinga ryiharije mu kugwiza no mu kugurisha imbuto ;

8° **étiquette** : un affichage d'une information écrite ou imprimée renseignant sur la qualité et l'origine d'un lot de semences ;

8° **ikimenyetso kimadikwa ku gitekerwamwo imbuto** ni ugushira ku muturi w'imbutu urwandiko rumenyeshya akaranga n'amamuko yazo ;

9° **germoplasme végétal** : un ensemble des ressources génétiques telles que les semences, les tissus et les séquences d'ADN qui sont conservées à des fins de sélection végétale, d'efforts de conservation, d'agriculture et d'autres utilisations de recherche ;

9° **agahimba nkomoko k'igiterwa** ni ico cose gifise kamere nkomoko y'ikinyabuzima nk'imbutu, uduhamba tw'imbutu n'uduce tw'akamere k'akaranga nkomoko bibitswe mu ntumbero y'ukurobanura ibiterwa, ukubishingura ku buhinga, ukubirima n'ukubikoresha mu bushakashatsi ;

10° **industrie semencière agricole** : une 10° **uruganda rw'ibijanye n'imbutu ndimwa** ni

chaîne de valeur du secteur semencier modernisé, organisé depuis la recherche, la production, la certification, l'approvisionnement jusqu'à la commercialisation des semences agricoles ;

urunani rwunganirana mu gisata c'ivyerekeye imbutu gikoresha ubuhinga bugezweho, gitunganyijwe kuva ku bikorwa vy'ubushakashatsi ku mbutu ndimwa, ukuzigwiza, ukuzemeza, ukuzironka hamwe n'ukuzidandaza ;

11° inspecteur semencier : un agent public du secteur semencier chargé de veiller à la qualité et à la conformité des semences ;

11° umugenduzi w'imbutu ni umukozi wa Reta wo mu gisata kijejwe ivyerekeye imbuto ashinzwe gukurikirana akaranga k'imbutu n'uko zikwiye ibisabwa ;

12° inspecteur semencier accrédité : un agent privé du secteur semencier compétent mandaté par l'ONCCS pour effectuer de façon indépendante des inspections de semences au nom de l'Office qui l'a mandaté selon des normes et des protocoles établis ;

12° umugenduzi w'imbutu yabihereye uruhusha ni umukozi yikoreza utwiwe wo mu gisata kijejwe ivyerekeye imbuto abifitiye ububasha yatumwe n' Ikigo ONCCS kugendura mu bwigenge imbutu kwizina ry'ikigo ONCCS camutumye hisunzwe amategeko n'amasezerano yashinzwe ;

13° lignée phylogénétique : un ensemble d'organismes d'une même espèce ayant le même ancêtre et qui conserve son identité par rapport aux autres lignées tout en présentant ses propres tendances évolutives dans le temps ;

13° urukurikirane rw'ibikomokanako ni ibinyabuzima vyo mu muryango umwe bikomoka ku kinyabuzima kimwe kandi kikaba kigumana akaranga kaco ugereranije n'urundi ruhererekane rw'izindi mbutu mu kwerekana ingene bigenda birahindagurika uko ibihe bigenda ;

14° lignée pure : une lignée phylogénétique qui maintient ses caractères constants au fil des générations de la reproduction sexuée ;

14° ibikomokanako bitavanze ni urukurikirane rw'ibikomokanako, akaranga kavyo kadahinduka uko imbutu zigenda zirakomokanako biciye mu guhuza imbutu ngabo na ngore ;

15° liste des variétés éligibles : une liste comprenant les variétés admises à la certification ;

15° urutonde rw'ubwoko bw'imbutu bushobora kwemezwa ni urutonde rurimwo ubwoko bw'imbutu zemejwe ;

16° lot de semences : une quantité de semences homogènes notamment en ce qui concerne l'identité et la pureté variétale et spécifique, la faculté germinative, l'état sanitaire et la teneur en eau ;

16° umuturi w'imbutu ni urugero rw'imbutu zitavanze nko mu vyerekeye ibiziranga, ukugumana akaranga zisangije, urugero rwo gushobora kumera, indwara zoba zifise n'urugero rw'amazi ari muri zo ;

17° mainteneur d'une variété : une personne physique ou morale qui assume la

17° uwubungabunga ubwoko bw'imbutu ni umuntu canke ishira hamwe ribazwa ibijanye

responsabilité du maintien du matériel végétal vivant (semences ou plants) permettant la reproduction de la variété conforme à son identité telle qu'elle a été établie au moment de son inscription ;

n'ukubungabunga agahimba k'ikinyabuzima kimera(imbutu canke imiviyaro)bituma hagwizwa ubwoko bw'imbutu hisunzwe akaranga kabwo nkuko bwari bumeze mu gihe c'ukubwandikisha;

18° noyaux de semences : des semences utilisées pour maintenir la pureté des semences de souches par le sélectionneur en petite quantité et obtenue par une sélection très rigoureuse ;

18° intimatima z'imbutu ni imbutu zikoreshwa n'uwujejwe kurobanura imbutu kugira abunganbunge akaranga k'imbutu nkomoko ku rugero ruto kandi ziboneka akoresheje uburyo buhanitse bw'ukurobanura.

19° obtenteur : une personne physique ou morale qui a créé ou qui a découvert et mis au point une nouvelle variété végétale ; organisme génétiquement modifié, un organisme vivant (micro-organisme, végétal ou animal) dont le génome a été modifié artificiellement par la technique de génie génétique ;

19° uwahinguye canke uwubuye ubwoko bw'imbutu ni umuntu canke ishirahamwe yahinguye canke yubuye ubwoko bushasha bw'ibimera; ikinyabuzima cahinduwe kamere nkomoko, ikinyabuzima(utunyabuzima tutaboneka n'amaso, ikimera canke igikoko)gifise uduhimba twerekana akamere nkomoko k'ikinyabuzima hakoreshejwe ubuhinga buhanitse bujanye n'ukurondoka ;

20° producteur de semences : toute personne physique ou morale agréée, privée, publique ou mixte, qui a comme activité principale ou accessoire la production des semences destinées à la commercialisation ;

20° umugwizambuto ni umuntu wese canke ishirahamwe ryose ryemerewe gukora, ryaba iry'abikorera utwabo, irya Reta canke iryo Reta n'abikorera utwabo basukiranije imitahe, rifise umurimo nyamukuru wo kugwiza imbutu zigenewe kudandazwa canke rikawufatany n'iyindi mirimo ;

21° semence : tout organe végétal destiné à la propagation végétale en général tels les graines, plants entiers, les éclats de souche servant à la reproduction des plantes vivrières, industrielles, fourragères, horticoles, sylvicoles ou autres ;

21° Imbutu ni agahimba k'ikimera kagenewe igwirirana ry'ibimera muri rusangi nk'intete, imiviyaro, uduhimba nkomoko tugenewe kugwiza ibiterwa mbumbarugo, njabukamazi, ubwatsi bw'ibitungwa, ibiterwa vy'imboga, vy'amashurwe n'ivyamwa, ibiti vy'amashamba n'ibindi ;

22° semences de première génération : tout matériel de départ à savoir les mini-tubercules de pomme de terre et les noyaux de semences pour les graines et les semences de souche ;

22° imbutu z'ibanze ni imbutu za mbere zikomoka ku biterwa vyamira mu kuzimu nk'uturaya dutoduto tugenewe imbutu n'intimatima z'imbutu ku binyantete hamwe n'imbutu nkomoko;

23° semences de souches ou parentales : des semences utilisées pour démarrer la

23° imbutu nkomoko canke mvyeyi ni imbutu zikoreshwa mu gutangura kugwiza umwimbu

production d'une culture admissible à la certification ;

w'igiterwa gishobora kwemezwa;

24° valeur agronomique et technologique : des valeurs déterminées selon un protocole approuvé en comparant avec des variétés témoins pour la productivité, les facteurs intervenant dans l'expression du rendement et les caractéristiques technologiques d'une variété ;

24° Agaciro k'imbutu n'akaranga kazo mu vyerekeye uburimi n'ubuhinga ni ibiharuro bitomorwa hisunzwe ibitegerezwa gukurikizwa vyemejwe mu kugereranya imbutu n'izindi zifatirwako mu bijanye n'ingene zimbuka, ibifatirwako mu guharura urugero rw'umwimbu hamwe n'ibiranga ubwoko bw'imbutu ;

25° variété distincte : une variété qui se distingue nettement par un ou plusieurs caractères morphologiques ou autres caractères importants de toute variété inscrite ou présentée au Catalogue national des espèces et variétés ;

25° ubwoko bw'imbutu butandukanye n'ubundi ni ubwoko bw'imbutu butandukanye n'ubundi ufatiye kuri kimwe canke vyinshi biranga uko bumeze canke ku bindi biranga ubwoko bwo ari bwo bwose bwanditswe canke bwerekanywe mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu;

26° variété homogène : une variété suffisamment uniforme dans l'expression de ses caractères pertinents, sous réserve de variation prévisible compte tenu des particularités de sa reproduction sexuée ou sa multiplication végétative ;

26° Ubwoko bw'imbutu zitavanze ni ubwoko bw'imbutu zisa ufatiye ku biziranga biboneka, hatirengagijwe ko zishobora guhinduka kubera igwizwa ryazo canke imivyarho biciye mu mashurwe canke mu gutera ingegene z'imivyarho ;

27° variété hybride : une variété obtenue par croisement de deux variétés ou lignées pures différentes d'une même espèce de plante ;

27° ubwoko bw'imbutu zivanze ni ubwoko buboneka havanzwe ubwoko bubiri canke ubwoko nkomoko butandukanye bw'igiterwa co mu muryango umwe;

28° variété protégée : une variété protégée par des droits d'obtenteur ;

28° ubwoko bw'imbutu zikingiwe ni ubwoko bw'imbutu zikingiwe n'uburenganzira bw'uwazihinguye canke uwazubuye ;

29° variété stable : une variété qui conserve ses caractères pertinents à la suite d'un certain nombre de multiplications ou reproductions successives ;

29° ubwoko bw'imbutu zidata akaranga ni ubwoko bw'imbutu zigumana akaranga kazo kaguma kigaragaza n'aho zoba zimaze guterwa akatarari gake ;

30° variété : un ensemble de plantes cultivées qui peuvent être différenciées des autres de la même espèce par certains caractères morphologiques, physiologiques, chimiques ou autres et qui transmettent ces caractères

30° ubwoko bw'imbutu ni ibiterwa vyose birimwa bishobora gutandukanywa n'ibindi bisangiye umuryango hafatiwe kuri bimwebimwe vyerekana ingene bimeze, ingene bisa, ibigize canke ibindi kandi bigahanahana ibibiranga

distinctifs par la reproduction sexuée ou asexuée;

31° **vendeur de semences** : toute personne ou toute entreprise légalement constituée et agréée qui se spécialise dans la vente de semences agricoles aux agriculteurs.

biciye mw'irondeka ry'imbutu biciye mu guhuza imbutu ngabo na ngore canke hatabanje guhuzwa imbutu ngabo na ngore;

31° **Uwugurisha imbutu** ni umuntu wese canke ishira hamwe ryose ryashinzwe hisunzwe amategeko kandi ryemerewe gukora umwuga w'ukugurisha imbutu ndimwa ku barimiye.

CHAPITRE II. DU CADRE INSTITUTIONNEL

Article 5

Le Ministère ayant l'agriculture dans ses attributions est l'organe chargé de mettre en œuvre les politiques et les stratégies nationales en matière semencière.

Article 6

La Commission nationale semencière est un organe consultatif qui assure la coordination de toutes les activités semencières. Elle assiste et conseille le Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions sur toutes les questions relatives à la Politique nationale semencière.

Ingingo ya 6

Umugwi w'igihugu ujeje ivyerekeye imbutu ni urwego mpanuzwajambo rukurikiranira hafi ibikorwa vyose bijanye n'imbutu. Rurunganira kandi rugahanura Umushikiranganji mu vyo ajeje harimwo uburimiye ku bibazo vyose vyerekeye Poritike y'igihugu mu bijanje n'imbutu.

La Commission nationale semencière est composée de manière à assurer la représentation équilibrée de tous les acteurs du secteur semencier.

Umugwi w'igihugu ujeje ivyerekeye imbutu ugizwe n'abafatanyabikorwa bose bo mu gisata kijeje ivyerekeye imbutu ku buryo baserukirwa ku rugero rungana.

Elle peut comprendre autant de sous-commissions que de besoin entre autres le comité de gestion des plaintes à caractère urgent dont la composition, les missions et le fonctionnement sont déterminés par une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions.

Uwo mugwi ushobora kugirwa n'iyindi migwi, igitigiri cayo kikavana n'iyiba ikenewe nka komite ntunganyabikorwa ijeje gutorera umuti imyidogo yadutse mu buryo bwihuta, abagize iyo migwi, imirimo yayo n'ingene ikora bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajeje harimwo uburimiye.

Les missions, la composition et les modalités de fonctionnement de la Commission sont déterminées par décret.

Imirimo uwo Mugwi ushinzwe, abawugize n'ingene ukora bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Article 7

La Direction ayant les semences et les plants dans ses attributions est chargée d'élaborer, de coordonner et de superviser la mise en œuvre

Ingingo ya 7

Ubuyobozi mu vyo bujeje harimwo imbutu n'imivyaroyi ni bwo bujeje gutegura, gukurikirana n'ugucungera ishira mu ngiro rya Poritike

de la Politique nationale semencière.

Elle assure le secrétariat de la Commission nationale semencière.

y'igihugu mu bijanye n'imbutu.
Ubwu buyobozi bukora igikorwa
c'ubunyamabanga bw'Umugwi w'igihugu ujeje
ivyerekeye imbutu.

Article 8

L'Institut des sciences agronomiques du Burundi assure l'administration et la coordination des établissements de la recherche et d'expérimentation en matière de production de semences de première génération.

Ingingo ya 8

Igisata c'ubuhinga mu bijanye n'uburimi mu Burundi gishinzwe ivyerekeye intwari n'ugukurikiranira hafi ibigo vy'ubushakashatsi n'ukugerageza ibijanye n'ukugwiza imbutu z'urmwimbu wa mbere.

Article 9

L'Office national de contrôle et de certification des semences est chargé de l'homologation et de l'inscription au catalogue national des espèces et des variétés admises à la production et à la certification semencière, dans le but de garantir que les semences produites ou introduites au Burundi satisfont aux normes de qualité.

Ingingo ya 9

Ikigo c'igihugu kijeje gusuzuma n'ukwemeza imbutu gishinzwe gutanga iserdfika n'ukwandika mu gitabu c'igihugu ubwoko bwemewe kugwiza kandi bwemewe mu ntumbero yo kwizeza ko imbutu zigwizwa kandi zinjijwe mu Burundi zikwiye amategeko.

Article 10

Le Comité technique national d'homologation des variétés est un organe technique chargé de l'homologation, de la validité des tests valeur agronomique et technologique et distinction, homogénéité et stabilité.

Ingingo ya 10

Komite y'abahanga ijeje kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu ni urwego rw'abahanga rujeje kwemeza, ikiringo c'ibipimo vyakozwe mu bijanye n'agaciro k'imbutu n'akaranga kazo mu vyekeye uburimi n'ubuhinga hamwe n'ubwoko bw'imbutu butandukanye n'izindi, zitavanze kandi zidata akaranga.

CHAPITRE III. DU CONTROLE DE LA QUALITE ET DE LA CERTIFICATION DES SEMENCES

IGICE CA III. IVYEREKEYE UGUSUZUMA AKARANGA K'IMBUTO HAMWE N'UKUZEMEZA

Article 11

Le contrôle et la certification de semences sont assurés par l'Office national de contrôle et de certification de semences conformément au décret qui l'a institué.

Ingingo ya 11

Ikigo c'igihugu kijeje gusuzuma n'ukwemeza imbutu cashinzwe hisunzwe itegeko ry'Umukuru w'igihugu ni co kijeje gusuzuma n'ukwemeza imbutu.

Sur proposition de la Direction ayant les semences et les plants dans ses attributions, en collaboration avec l'Office national de contrôle et de certification de semences et l'Institut des sciences agronomiques du Burundi et après avis

Bishikirijwe n'Ubuyobozi mu vyo bujeje harimwo ibijanye n'uguteza imbere ivyerekeye imbutu n'imivyar, bufadikanije n'ikigo c'igihugu kijeje gusuzuma n'ukwemeza imbutu hamwe n'igisata kijeje ivy'uburimi mu burundi kandi Umugwi

de la Commission nationale semencière, le Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions fixe par ordonnance, le système de certification des semences au Burundi.

L'ONCCS est le seul organe habilité à délivrer un certificat de semences après les procédures de contrôle et de certification de semences concluantes.

Article 12

L'ONCCS est doté d'un laboratoire national chargé de l'analyse de la qualité des semences.

Article 13

Les agents de l'ONCCS sont chargés du contrôle de la qualité des semences à tous les stades de la production, du conditionnement, du transport et de la commercialisation des semences.

Les agents inspecteurs de l'ONCCS ou les inspecteurs accrédités sont habilités à visiter les parcelles de multiplication des semences, les centres de conditionnement, les locaux de stockage et d'emmagasinage et à procéder à l'examen des documents détenus par les intéressés autant de fois que nécessaire. Ils sont habilités également à prélever des échantillons pour les analyses de laboratoire.

L'ONCCS établit la liste des entrepreneurs, des sociétés ou des compagnies semencières admise à la certification et procède au contrôle de la qualité de leurs semences.

Les activités de contrôle aux champs, de l'échantillonnage et des analyses au laboratoire peuvent être déléguées partiellement ou en totalité à toute personne physique ou morale compétente, à travers un système d'accréditation dont les modalités sont fixées par ordonnance, après avis favorable de la Commission nationale semencière.

w'igihugu ujejwe ivyerekeye imbuto umaze kugira ico ubivuzeko, Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi arashinga, biciye mw'itegeko nshikiranganji, ingene imbuto zemezwa mu Burundi.

Ikigo ONCCS ni rwo rwego rwo nyene muri iki gisata kijejwe ivyerekeye imbuto rufise ububasha bw'ugutanga iseredifika yemeza imbuto habanje gukurikizwa ibisabwa bijanye n'ugusuzuma hamwe n' ukwemeza imbuto ziba zikwije ibisabwa.

Ingingo ya 12

Ikigo ONCCS kirafise isuzumiro ry'igihugu rijejwe gusuzuma akaranga k'imbuto.

Ingingo ya 13

Abakozi b'ikigo ONCCS bajejwe gusuzuma akaranga k'imbuto ku ntambwe zose zo kugwiza imbuto, ukuzitekera, ukuzunguruza, n'ukuzidandaza.

Abagenduzi b'ikigo ONCCS canke abagenduzi babiherewe uruhusha barafise ububasha bwo kugendura imirima irwirizwamwo imbuto, ibigo zitekererwamwo, inyubakwa zegeranirizwamwo n'aho zibikwa kandi bararekuriwe gusuzuma inzandiko zifiswe n'abo vyega igihe cose bikenewe. Barafise ububasha kandi bwo gutora imbuto nkeyi zigirwako ubushakashatsi mw'isuzumiro.

Ikigo ONCCS kiragira urutonde rw'abagwizambuto canke urw'amashirahamwe rwemerewe kwemezwa kandi kigaca gisuzuma akaranga kazo.

Ibikorwa vy'ugusuzuma imbuto zitewe mu mirima, ivy'ugutora imbuto nkeyi n'ivy'ukuzigirako ubushakashatsi mw'isuzumiro bishobora, bimwebimwe canke vyose, gushingwa umuntu wese canke ishira hamwe ryose ribishoboye, bibanje kwemezwa hisunzwe ibukurikizwa bishingwa n'itegeko nshikiranganji Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye imbuto umaze kuvyemeza.

Article 14

Les agents de l'Office national de contrôle et de certification des semences et de la Direction en charge des semences et plants chargés du suivi et du contrôle de la qualité des semences sont dotés d'une carte d'officier de police judiciaire à compétence restreinte.

Ingingo ya 14

Abakozi b'ikigo c'igihugu kijejwe ugusuzuma n'ukwemeza imbuto n'abo mu Buyobozi bujewe ivyerekeye imbuto n'imivyaroye basanzwe bajewe gukurikirana n'ugusuzuma ibijanye n'akaranga k'imbutu bararonswa ikarata ibaha ububasha nk'ubw'inyamiramabi ariko ubwo bubasha bukaba bufise aho bugarukira.

Article 15

Tout entrepreneur semencier qui désire adhérer au système de certification officielle des semences doit introduire une demande à l'Office national de contrôle et de certification de semences.

Ingingo ya 15

Umugwizambuto wese yipfuza kuja mu bagwizambuto bazwi n'amategeko ategerezwa kubisaba ikigo c'igihugu kijejwe gusuzuma n'ukwemeza imbuto.

Seuls les entrepreneurs semenciers agréés peuvent faire certifier les semences par l'ONCCS.

Abagwizambuto bavyemerewe ni bo bonyene bashobora gusaba ko imbuto zemezwa n'ikigo ONCCS.

Article 16

Une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine les conditions d'agrément d'un entrepreneur semencier.

Ingingo ya 16

Itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi riratomora ibisabwa kugira umugwizambuto yemererwe gukora.

Article 17

Le Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine, sur proposition de la Commission nationale semencière, les variétés à soumettre à une certification obligatoire et celles qui bénéficieront d'une certification volontaire.

Ingingo ya 17

Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi aratomora, abisabwe n'Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye imbuto, ubwoko bw'imbutu butegerezwa gusabirwa kwemezwa hamwe n'ubusabirwa kwemezwa ku gushaka.

Article 18

La certification des semences donne lieu au paiement d'une redevance dont le montant et les modalités d'acquittement sont fixées par une ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement l'agriculture et les finances dans leurs attributions.

Ingingo ya 18

Ukwemezwa kw'imbutu birarahirwa amafaranga, igitigiri cayo n'ingene arihwa bigashingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi hamwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ikigega ca Reta.

CHAPITRE IV. DU CATALOGUE NATIONAL DES ESPECES ET VARIETES ET DU COMITE TECHNIQUE NATIONAL D'HOMOLOGATION DES VARIETES

IGICE CA IV. IVYEREKEYE IGITABU C'ITOROROKANIRIZO RY'IMIRYANGO N'UBWOKO BW'IMBUTO VY'IGIHUGU NA KOMITE Y'ABAHINGA IJEJWE KWEMEZA UBWOKO BW'IMBUTO MU GIHUGU

Section 1. Du Catalogue national des espèces et variétés

Agace ka 1. Igatabu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu vy'igihugu

Article 19

Les espèces et variétés agricoles cultivées au Burundi doivent être inscrites au Catalogue national des espèces et variétés agricoles conformément à l'ordonnance en vigueur.

Pour être inscrite au Catalogue, une variété doit être distincte, stable et suffisamment homogène. Elle doit en outre posséder une valeur agronomique et technologique suffisante pour l'agriculture.

Ingingo ya 19

Imiryango n'ubwoko bw'imbutu ndimwa mu Burundi bitegerezwa kwandikwa mu Gitabu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu vy'igihugu hisunzwe itegeko nshikiranganji rihasanzwe. Kugira ubwoko bw'imbutu bwandikwe mu Gitabu c'itororokanirizo, butegerezwa kuba butandukanye n'ubundi, budata akaranga kandi butavanze na gato. Vyongeye butegerezwa kandi kuba bufise agaciro n'akaranga kabwo bikwiye mu vyerekeye uburimyi n'ubuhinga.

Article 20

Le Catalogue national des espèces et variétés agricoles comporte deux listes :

1° Une liste A des variétés anciennes ou nouvelles inscrites sur proposition de l'obtenteur, des pouvoirs publics, des sociétés ou des compagnies semencières ou d'autres personnes ayant un intérêt dans l'inscription de la variété et répondant aux critères de l'article 19 ;

Ingingo ya 20

Igitabu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu vy'igihugu kigizwe n'intonde zibiri :

1° Urutonde A ruriko ubwoko bw'imbutu za kera canke nshasha zanditswe bisabwe n'uwahinguye canke uwubuye ubwoko bw'imbutu, abaserukira ubutegets, amashirahamwe ajejwe ivyerekeye imbutu canke abandi bantu bafise inyungu mwiandikwa ry'ubwoko bw'imbutu kandi bukaba bukwiye ibisabwa bivugwa mu ngingo ya 19 ;

2° Une liste B des variétés traditionnellement cultivées qui sont inscrites sur proposition des obtenteurs, des utilisateurs ou des pouvoirs publics et qui répondent aux critères de distinction par rapport à des variétés existantes.

2° Urutonde B ruriko ubwoko bw'imbutu zirimwa kuva kera mu Burundi zanditswe bisabwe n'abahinguye canke abubuye ubwoko bw'imbutu, ababukoresha canke abaserukira ubutegets, kandi bukwiye ibisabwa bibutandukanya n'ubundi bwoko bw'imbutu ziri ku rutonde.

Section 2. Du Comité technique national d'homologation des variétés

Agace ka 2. Komite y'abahinga ijejwe kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu

Article 21

Le Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions désigne un Comité technique national des variétés.

Ingingo ya 21

Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimyi aragana Komite y'abahinga ijejwe kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu.

Il précise également les missions, la composition et les modalités de fonctionnement du Comité.

Article 22

Le Comité technique national d'homologation des variétés est un organe d'arbitrage technique en cas de conflits des essais d'homologation en cours et des essais post contrôle. Il rend compte à la Commission nationale semencière.

Article 23

Le Comité technique national d'homologation des variétés analyse et valide les résultats des tests des variétés proposées pour homologation sur base de critères qui sont fixés par ordonnance relative à l'inscription au Catalogue national des espèces et des variétés cultivées au Burundi.

Article 24

Les modalités d'homologation, d'inscription et de radiation des espèces et variétés au Catalogue national sont déterminées par l'ordonnance en vigueur.

Article 25

Sous réserve des dispositions légales pertinentes, spécialement la loi relative à la propriété industrielle, les variétés étrangères sont soumises, notamment en ce qui concerne la procédure d'inscription, aux mêmes conditions que celles appliquées aux variétés nationales.

Une variété provenant d'un pays étranger doit porter la même dénomination que celle du pays d'origine. Dans le cas contraire, la dénomination d'origine est également portée au Catalogue.

Aratomora kandi imirimo iyo Komite ishinzwe, abayigize n'ingene ikora.

Ingingo ya 22

Komite y'abahanga ijewe kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu ni urwego rujeje gutatira amatati mu gihe co kugerageza kwemeza ubwoko bw'imbutu no mu gihe co kuzigerageza inyuma y'isuzuma. Irashikiriza icegeranyo Umugwi w'igihugu ujeje ivyerekeye imbutu.

Ingingo ya 23

Komite y'abahanga ijewe kwemeza ubwoko bw'imbutu mu gihugu irihweza ikongera ikemeza ivyavuye mu bipimo vy'igerazwa ry'ubwoko bw'imbutu bwashikirijwe kugira bwemezwe hisunzwe ibafitirwako bishingwa n'itegeko rijanaye

n'ukwandikisha imbutu mu Gitabu c'igihugu c'itorokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu mu Burundi.

n'ukwandikisha imbutu mu Gitabu c'igihugu c'itorokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu mu Burundi.

Ingingo ya 24

Ibukurikizwa mu kwemeza imiryango n'ubwoko bw'imbutu, ukuzandika n'ukuzifuta mu Gitabu c'igihugu, bitomorwa n'itegeko nshikiranganjij risanzwe rikurikizwa.

Ingingo ya 25

Hatirengagijwe ibitegekanijwe n'amategeko avyerekeye, na canecane ibwirizwa ryerekeye itunga mvabwenge ryerekeye ibihingurwa, ubwoko bw'imbutu mvamahanga bugengwa nko ku vyerekeye ingene bwandikishwa, bugengwa n'ibisanzwe bisabwa ku bwoko bw'imbutu bwo mu gihugu.

Ubwoko bw'imbutu mvamahanga butegerezwa kugumana izina ryo mu gihugu bukomokamwo. Iryo zina rihinduwe na ho, izina bwari busanganywe mu gihugu bukomokamwo rirandikwa na ryo nyene mu Gitabu c'itorokanirizo.

Article 26

Les variétés homologuées dans l'un des pays de l'EAC ou du COMESA sont soumises à un seul cycle d'essais si les résultats des tests sont concluants ou à deux cycles d'essais une fois les données issues du premier cycle ne sont pas satisfaisantes.

Les variétés dont l'origine est en dehors de l'EAC ou du COMESA, deux cycles d'essais sont suffisants pour présenter les résultats à l'homologation.

Toutefois, les essais d'homologation des variétés sont conjointement menés par l'Institut national de recherche agronomique et l'Office national en charge de l'homologation.

Article 27

L'inscription au Catalogue national des espèces et variétés homologuées donne lieu au paiement préalable de frais dont le montant et les modalités d'acquiescement sont fixés par une ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement l'agriculture et les finances dans leurs attributions.

Article 28

L'inscription d'une nouvelle variété au Catalogue national des espèces et variétés est publiée au Bulletin officiel du Burundi avec mention de l'identité du demandeur de l'inscription.

Une liste descriptive de toutes les variétés inscrites à l'usage des utilisateurs est publiée par l'Office national de contrôle et de certification des semences au début de chaque campagne agricole.

Ingingo ya 26

Ubwoko bw'imbutu bwemejwe mu gihugu kimwe mu bigize umuryango wa EAC canke ishira hamwe COMESA bugeragezwa mu kuburimwa incuro imwe gusa iyo ivyavuye mu bipimo vy'ukugerageza basanze bishimishije, canke incuro zibiri igihe ivyavuye mu bipimo vy'umwimbu wa mbere basanze bidashemeye.

Ku bwoko bw'imbutu buva mu bihugu atari ibigize Umuryango EAC canke Ishirahamwe COMESA, ibiringo bibiri vyo kugerageza izo mbuto birakwiye kugira ubwoko bw'imbutu bwemezwe.

Ariko, ibikorwa vy'ukugerageza kwemeza ubwoko bw'imbutu bigirwa n'igisata c'igihugu kijejwe kugira ubushakashatsi mu vy'uburimi hamwe n'ikigo kijejwe kwemeza ubwoko bw'imbutu mu Burundi.

Ingingo ya 27

Ukwandika mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu bwemeze bigirwa habanje kurihwa amafaranga, igitigiri cayo n'ingene arihwa bigashingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi hamwe n'Umushikiranganji ajejwe harimwo ikigega ca Reta.

Ingingo ya 28

Ubwoko bw'imbutu bushasha bwanditswe mu Gitabu c'itororokanirizo ry'imiryango n'ubwoko bw'imbutu buratangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi, harandikwa kandi n'ibiranga uwasavye ko bwandikwa.

Ikigo c'igihugu kijejwe gusuzuma n'ukwemeza imbutu kiratangaza urutonde rudondora ubwoko bwose bw'imbutu bwanditswe kugira bukoreshwe, uko igihe c'irima iryo ari ryose gitanguye.

CHAPITRE V. DE LA PRODUCTION, DE L'IMPORTATION, DE L'EXPORTATION ET DE LA COMMERCIALISATION DES SEMENCES CERTIFIEES

IGICE CA V. IVYEREKEYE UKUGWIZA IMBUTO ZEMEJWE, UKUZINJIZA MU GIHUGU, UKUZISHORA MU MAHANGA N'UKUZIDANDA ZA

Section 1. De la production de semences certifiées

Agace ka 1. Ukugwiza imbuto zemejwe

Article 29

Sur proposition du directeur en charge des semences et plants et après avis de la Commission nationale semencière, le Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions fixe les procédures de production des semences certifiées.

Ingingo ya 29

Bishikirijwe n'umuyobozi ajejwe ivyerekeye imbuto n'imivyaroro kandi Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye imbuto umaze kugira icyo ubivuzeko, Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi arashinga ibikorikizwa mu kugwiza imbuto zemejwe.

Article 30

La coordination et la supervision des activités de production, d'importation, d'exportation et de commercialisation des semences certifiées est assurée par la Direction en charge des semences et plants.

Ingingo ya 30

Uguhuza n'ugukurikiranira hafi ibikorwa vyerekeye ukugwiza imbuto zemejwe, ukuzinjiza mu gihugu, ukuzishora mu mahanga n'ukuzidanda bigirwa n'Ubuyobozi bujejwe ivyerekeye imbuto n'imivyaroro.

Article 31

Les privés disposant des laboratoires pour la production des vitro plants ou ayant des serres remplissant les normes pour produire des mini tubercules ou des semences de souches peuvent investir dans la production des semences de première génération. L'accompagnement à cet effet est assuré par l'Institut des sciences agronomiques du Burundi.

Ingingo ya 31

Abikorera utwabo bafise amasuzumiro mu ntumbero y'ukurondorera imivyaroro mu turahure canke ukuyibundikira akwije ibisabwa mu kugwiza imbuto zamira mu kuzimu canke imbuto nkomoko, barashobora kuja mu barwizambuto zo ku rugero rwa mbere. Ivyo bikorwa bikurikiranwa n'igisata c'ubuhinga mu bijanye n'uburimi mu Burundi.

Une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine les conditions de production des semences de première génération par les privés.

Itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi riratomora ivyo abikorera utwabo basabwa kugira bagwize imbuto zo ku rugero rwa mbere bikoze.

Article 32

La production des semences certifiées peut être effectuée par toute personne physique ou morale agréée par l'ONCCS.

Ingingo ya 32

Ukugwiza imbuto zemejwe bishobora gukorwa n'umuntu wese canke ishira hamwe ryose ryemerewe gukora n'ikigo ONCCS.

Article 33

La production des semences certifiées doit faire l'objet de déclaration avant et après chaque saison culturale auprès de l'Office national de

Ingingo ya 33

Ukugwiza imbuto zemejwe bitegerezwa kumenyeshwa ikigo c'igihugu kijejwe ugusuzuma n'ukwemeza imbuto imbere yuko igihe c'irima

contrôle et de certification de semences.

Toutefois, l'ONCCS transmet à la Direction en charge des semences et plants une synthèse de toutes les déclarations ainsi que les décisions prises.

Article 34

La multiplication des semences à des fins de commercialisation d'une variété protégée requiert au préalable l'autorisation de l'obtenteur de cette variété.

Toutefois, l'autorisation n'est pas obligatoire lorsque la variété est utilisée comme source de variation en vue de développer de nouvelles variétés.

Section 2. De l'importation des semences certifiées

Article 35

Toute importation de semences certifiées est soumise à une autorisation préalable du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions afin de s'assurer de la qualité phytosanitaire et de prévenir les risques environnementaux.

Les semences proposées à l'importation doivent répondre aux normes phytosanitaires, nationales, régionales et internationales.

Les variétés autorisées à l'importation doivent être inscrites au Catalogue national des variétés, excepté celles introduites à des fins de recherche.

Article 36

Lors de l'importation, les semences ou plants doivent être accompagnés d'un certificat d'origine, d'un certificat phytosanitaire et d'une étiquette.

gitangura n'iyoye caheze.

Ariko, Ikigo ONCCS kirashikiriza Ubuyobozi bujewe ivyerekeye imbuto n'imivyaroye icegeranyo c'ivyo vyose vyamenyeshewe n'ingingo zafashwe.

Ingingo ya 34

Ukugwiza imbuto mu ntumbero y'ukudandaza ubwoko bw'imbuto bukingiwe bigirwa uwahinguye canke uwubuye ubwo bwoko bw'imbuto abanje kubitangira uruhusha.

Ariko, urwo ruhusha ntirurinda gusabwa mu gihe ubwo bwoko bw'imbuto bukoreshwa mu ntumbero yo kugwiza ubwoko bw'imbuto bushasha.

Agace ka 2. Ukwinjiza mu gihugu imbuto zemejwe

Ingingo ya 35

Ukwinjiza mu gihugu imbuto zemejwe bigirwa Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi abanje kubitangira uruhusha kugira yitwararike kumenya ko ibiterwa bimeze neza no gukinga impanuka zishobora gushika zijanye n'ibidukikije.

Imbuto zisabirwa kwinjizwa mu gihugu zitegerezwa kuba zikwiye ibisabwa n'amategeko agenga ibijanye n'ukuvura n'ugukingira ibiterwa yo mu gihugu, ay'akarere na mpuzamakungu.

Ubwoko bw'imbuto burekuriwe kwinjizwa mu gihugu butegerezwa kwandikwa mu Gitabu c'itorokanirizo ry'ubwoko bw'imbuto c'igihugu, kiretse ubwinjijwe mu gihugu mu ntumbero y'ukugira ubushakashatsi.

Ingingo ya 36

Mu gihe c'ukuvyinjiza mu gihugu, imbuto canke imivyaroye bitegerezwa kuba biri kumwe n'urwandiko rwemeza amamuko yayo, urwandiko rwemeza ko vyavuye kuri bikiye hamwe n'ikimenyetso kibiranga.

Les indications portées sur les certificats ou les étiquettes ne peuvent prévaloir sur les résultats d'analyses effectuées après prélèvement par les agents de l'Office national de contrôle et de certification des semences.

Article 37

Une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine les conditions d'admission à l'importation de semences certifiées.

Article 38

L'importation des semences et des plants génétiquement modifiés requière une autorisation spéciale du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions.

Elle se fait uniquement à des fins de recherche par les institutions nationales habilitées.

Une étiquette indique clairement que la variété a été génétiquement modifiée.

Section 3. De l'exportation des semences certifiées

Article 39

Toute exportation des semences certifiées requiert l'obtention d'un certificat phytosanitaire délivré par l'autorité habilitée.

Article 40

Une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine les conditions d'admission à l'exportation de semences certifiées.

Article 41

L'agrément à l'exportation des semences certifiées donne lieu au paiement d'une redevance dont le montant et les modalités d'acquiescement sont fixés par ordonnance

Ivyandikwa ku nzandiko vyemeza amamuko no ku bimenyetso biranga imbuto canke imiviyaro ntibishobora kuvuguruza ivyavuye mw'isuzuma ryakozwe kuri izo mbuto n'abakozi bo mu kigo c'igihugu kijejwe ugusuzuma n'ukwemeza imbuto.

Ingingo ya 37

Itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi riratomora ibisabwa kugira imbuto zemejwe zemererwe kwinjizwa mu gihugu.

Ingingo ya 38

Ukwinjiza mu gihugu imbuto n'imiviyaro vyahinduwe kamere nkomoko kavyo bigirwa Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi abitangiye uruhusha rudasanzwe.

Ukwinjiza mu gihugu imbuto n'imiviyaro vyahinduwe kamere nkomoko kavyo bigirwa gusa mu ntumbero y'ubushakashatsi bukorwa n'inzego z'igihugu zibifitiye ububasha.

Ikimenyetso ndangakintu kirekera neza ko ubwoko bw'imbuto bwahinduriwe kamere nkomoko.

Agace ka 3. Ugushora mu mahanga imbuto zemejwe

Ingingo ya 39

Ugushora mu mahanga imbuto zemejwe bibanza gutangirwa urwandiko rwerekana ko imbuto zavuwe kandi zikingiwe rutangwa n'Umutegetsi abifitiye ububasha

Ingingo ya 40

Itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi riratomora ibisabwa kugira imbuto zemejwe zemererwe gushorwa mu mahanga.

Ingingo ya 41

Ukwemererwa gushora mu mahanga imbuto zemejwe bitegerezwa gutangirwa amafaranga, igifigiri cayo n'ingene arihwa bigatomorwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono

conjointe des Ministres ayant respectivement l'agriculture et les finances dans leurs attributions.

n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi hamwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ikinga ca Reta.

Section 4. De la commercialisation des semences certifiées

Agace ka 4. Ukudandaza imbuto zemejwe

Article 42

Seules les semences certifiées sont admises à la commercialisation conformément à l'ordonnance en vigueur.

Ingingo ya 42

Imbuto zemejwe ni zo zonyene zemerewe kudandazwa hisunzwe itegeko nshikiranganji rihasanze.

Article 43

Le Ministère ayant l'agriculture dans ses attributions, sur avis de la Commission nationale semencière, régule les prix des semences certifiées en tenant compte des coûts de production.

Ingingo ya 43

Ubushikiranganji mu vyo bujejwe harimwo uburimi, Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye imbuto umaze kugira ico ubivuzeko, buracungera ibiciro vy'imbuto zemejwe hafatiwe ku buryo bukoreshwa mu kugwiza imbuto.

Article 44

La commercialisation des semences certifiées requiert une autorisation préalable du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions. La présente disposition ne s'applique pas au producteur des semences qui vend sa propre production.

Ingingo ya 44

Ukudandaza imbuto zemejwe bigirwa ari uko Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi abanje kubitangira uruhusha. Iyi ngingo ntukurikizwa ku mugwizambuto agurishije ivyo yimbuye.

Article 45

La commercialisation des semences peut être organisée sous forme de foires. Une ordonnance du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions détermine les conditions et les modalités d'organisation des foires semencières.

Ingingo ya 45

Urudandazwa rw'imbuto rushobora gutunganywa biciye mu mahayanishwagurisha. Itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimi riratomora ibisabwa n'ibukurikizwa mu gutunganya amahayanishwagurisha ajanye n'ivy'imbuto.

Article 46

Il est interdit de traiter les semences certifiées aux substances toxiques non conformes à la loi portant gestion des pesticides au Burundi.

Ingingo ya 46

Birabujijwe gushira ubumara mu biterwa budategekanywa n'iri bwirizwa ryerekeye itunganywa ry'imiti yica utunyabuzima dutoduto mu Burundi.

Article 47

Tout commerçant des semences certifiées doit tenir un registre personnel des transactions permettant de vérifier la quantité et la qualité des semences vendues et de garantir la

Ingingo ya 47

Umudandaza wese w'imbuto zemejwe ategerezwa kuba afise igitabu ciwe bwite yandikamwo ivyerekeye imbuto agurishije gituma hamenyekana urugero rw'imbuto zagurishijwe

traçabilité des semences destinées à la vente sur le territoire national.

hamwe n'akaranga kazo kandi gituma hakurikiranwa inzira imbuto zigenewe kugurishwa mu gihugu zijana.

Le commerçant transmet une copie du registre concernant l'année précédente à la Direction ayant les semences et plants dans ses attributions qui à son tour, donne copie à l'ONCCS.

Umudandaza arashikiriza ikopi y'igitabu yerekana ivyakozwe mu mwaka uheze Ubuyobozi mu vyo bujejwe harimwo imbuto n'imivyaroyaro na bwo bugaha ikopi ikigo ONCCS.

Article 48

Il est interdit au commerçant ambulant, non enregistré à la Direction en charge des semences, d'exercer le commerce des semences certifiées.

Ingingo ya 48

Birabujijwe ko umudandaza ari mu babunza ibidandazwa, asanzwe atanditswe mu Buyobozi bujejwe ivyerekeye imbuto, akora urudandaza rw'imbuto zemejwe.

CHAPITRE VI. DU DROIT D'OBTENTEUR D'UNE VARIÉTÉ

IGICE CA VI. IVYEREKEYE UBURENGANZIRA BW'UWAHINGUYE CANKE UWUBUYE UBWOKO BW'IMBUTO

Article 49

Tout obtenteur d'une nouvelle variété remplissant les conditions requises peut bénéficier du droit d'obtention végétale conformément à la législation en vigueur.

Ingingo ya 49

Uwo wese yahinguye canke yubuyeye ubwoko bushasha bw'imbuto zikwiye ibisabwa arashobora kuronswa uburenganzira bw'uwahinguye canke uwubuyeye ubwoko bw'ikimera hisunzwe amategeko y'igihugu asanzwe akurikizwa.

Article 50

L'Etat veille à la préservation des ressources phytogénétiques traditionnelles en tant que patrimoine national.

Ingingo ya 50

Reta iritwarika kubungabunga ibiterwa bikomokanako kama bifatwa nk'amatungo bwite y'igihugu.

CHAPITRE VII. DES DISPOSITIONS PENALES

IGICE CA VII. IVYEREKEYE INGINGO MPANAVYAHA

Section 1. De la recherche, de la constatation des infractions et des saisies

Agace ka 1. Ugutohoza ivyaha, ukubona ko vyakozwe n'ugufata ibintu

Article 51

Sans préjudice des dispositions du Code de procédure pénale en matière de recherche et de constatation des infractions, les agents de l'Office national de contrôle et de certification des semences et de la Direction en charge des semences et plants, chargés du suivi et du contrôle de la qualité des semences jouent le

Ingingo ya 51

Hatirengagijwe ingingo zo mu Gitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburamishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa mu vyerekeye ugutohoza ivyaha n'ukubona ko vyakozwe, abakozi b'ikigo c'igihugu kijejwe gusuzuma no kwemeza imbuto n'ab'Ubuyobozi bujejwe ivyerekeye imbuto n'imivyaroyaro basanzwe

rôle d'officier de police judiciaire à compétence restreinte.

Article 52

Les infractions découlant de la violation de la présente loi sont recherchées et constatées par le Ministère public qui se saisit d'office ou sur plainte du Ministre ayant l'agriculture dans ses attributions.

bajejwe ugukurikirana n'ugusuzuma akaranga k'imbutu barafise ububasha nk'ubw'inyamiramabi ariko bufise aho bugarukira.

Ingingo ya 52

Ivyaha bijanye n'ukurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa bitohozwa kandi bikagirwa icegeranyo c'ivyabonywe n'Umushikirizamanza wa Repuburika aho ashobora gutohoza urubanza atawurinze kwitwara canke bisabwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo uburimyi.

Article 53

Toute saisie effectuée par les agents de l'Office national de contrôle et de certification des semences et de la Direction en charge des semences et plants chargés du suivi et du contrôle de la qualité des semences fait l'objet d'un procès-verbal.

Ingingo ya 53

Ifatwa ry'imbuto ryose n'abakozi b'ikigo c'igihugu kijejwe gusuzuma n'ukwemeza imbuto n'ab'Ubuyobozi bujejwe ivyerekeye imbuto n'imivyaro bashinzwe gukurikirana n'ugusuzuma akaranga k'imbuto, riragirwa icegeranyo.

Article 54

Les semences de qualité non conforme ou irrégulièrement commercialisées sont saisies et vendues aux enchères publiques sur autorisation de la juridiction compétente. Le produit de la vente est acquis au trésor public.

Ingingo ya 54

Imbuto zifise akaranga kadahuye n'ibisabwa canke zidandazwa hadakurikijwe amategeko zirafatwa zikagurishwa icamunara birekuwe na sentare ibifitiye ububasha. Amafaranga zigurishijwe ashirwa mu Kigega ca Reta.

Section 2. Des sanctions

Agace ka 2. Ibihano

Article 55

Est punie d'une amende de cinq cent mille à deux millions de francs burundais, toute personne physique ou morale qui, personnellement ou son préposé :

Ingingo ya 55

Ahanishwa ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku bihumbi amajana atanu gushika ku miriyoni zibiri, umuntu wese canke ishirahamwe ryose haba ku gatwe kiwe canke umukozi w'ishirahamwe:

- 1° Offre pour vente, vend, distribue par tous les moyens des semences préalablement certifiées mais périmées, infectées ou infestées;
- 2° Fait de fausses déclarations ;
- 3° Distribue des semences produites à partir
 - 1° Atanze kugira hadandazwe, agurishije, akwiragije bicye mu buryo ubwo ari bwo bwose imbuto zari zaremejwe ariko zononekaye, zifise ingwara canke zibunzwe;
 - 2° Amenyesheje ibitari ivy'ukuri;
 - 3° Atanze imbuto zimbuwe mu mirima itabanje

des champs non préalablement déclarés et enregistrés pour la production des semences en les faisant passer pour des semences certifiées ;

kumenyeshwa kandi izo mbuto zitari bwandikishwe mu ntumbero yo kugwiza imbuto azita ko zemewe;

4° Ne détient pas le registre de transactions des semences ; 4° Adafise igitabu yandikamwo imbuto agurishije;

5° Pratique du commerce déloyal telle que la falsification de semences, la publicité trompeuse et la manipulation des marchés.

5° Akoze urudandazwa rudakurikije amategeko nk'uguhindura akaranga k'imbutu, ukumenyekanisha imbuto biciye mu bubeshi hamwe n'ukubesha ku bijanye n'ibiciro ku masoko.

En cas de récidive, le contrevenant est puni d'une amende d'un million cinq cent mille à six millions de francs burundais.

Mu gihe adahashe, uwarenze itegeko ahanishwa ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku muriyoni umwe n'ibihumbi amajana atanu gushika ku miriyoni zitandatu.

Article 56

Est puni d'une amende de cinq millions à dix millions de francs burundais quiconque :

Ingingo ya 56

Ahanishwa ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku miriyoni zitanu gushika ku miriyoni icumi uwo wese:

1° Tente de commercialiser ou commercialiser des semences non certifiées en les faisant passer pour des semences certifiées par un transvasement frauduleux ou une modification frauduleuse de l'étiquette que la réglementation oblige à joindre jusqu'au moment de leur utilisation ;

1° Uwo wese agerageje kudandaza canke adandaje imbuto zitemejwe akazifata nk'imbuto zemejwe mu kuzishira, biciye mu busuma, mu gitekerwamwo imbuto zemejwe canke mu guhindura biciye mu nzira za magendu ikimenyetso kiranga izo mbuto kandi amategeko ategukanya ko kigumako gushika izo mbuto zikoreshejwe ;

2° Modifie, falsifie, contrefait les documents délivrés par les services habilités ;

2° Ahinduye inzandiko zitangwa n'ibisata bibifitiye ububasha, ahinduye ivyanditseko, yiganye izo nzandiko;

3° Importe ou exporte frauduleusement des semences ;

3° Yinjije mu gihugu canke ashoye mu mahanga imbuto hakoreshejwe ubusuma ;

4° Commercialise à titre professionnel des semences certifiées sans avoir reçu l'agrément.

4° Akoze umwuga w'ukudandaza imbuto zemejwe atarabironkera uruhusha rutegekanijwe

Article 57

Ingingo ya 57

Est puni d'une amende de dix millions à vingt millions de francs burundais, quiconque distribue ou vend des semences toxiques aux fins de consommation.

Ahanishwa ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku miriyoni icumi gushika ku miriyoni mirongo ibiri, uwo wese akwiragije canke agurishije imbuto zirimwo ubumara kugira zifungurwe.

CHAPITRE VIII. DES DISPOSITIONS FINALES

IGICE CA VIII. INGINGO ZISOZERA

Article 58

Toutes les dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Ingingo ya 58

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Article 59

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Ingingo ya 59

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Fait à Gitega, le/2025

Bigiriwe i Gitega, ku wa .../...2025

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

Evariste NDAYISHIMIYE

Evariste NDAYISHIMIYE

VU ET SCILLE DU SCEAU DE LA
REPUBLIQUE,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU
CA REPUBURIKA,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE, DES
DROITS DE LA PERSONNE HUMAINE ET
DU GENRE

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,
AGATEKA KA ZINA MUNTU N'ITERAMBERE
RIDAKUMIRA

Arthémon KATI HABWA

Arthémon KATI HABWA